



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL REYINYON VITYÈL  
KOMITE LEKÒL BOSTON NAN**

**11 Janvyè 2023**

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon vityèl 11 Janvyè 2023 a 5 p.m. sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), imèl [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo Komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

**PREZANS**

Manm Komite Lekòl la Prezidan Jeri Robinson; Vis prezidan Michael O'Neill; Doktè Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ansanm ak Reprezantan Elèv yo, Diego Mehta.

Manm Komite Lekòl ki Absan yo: Pa t genyen.

**DOKIMAN YO TE PREZANTE**

Ajanda

Rapò Reyinyon: 14 Desanm 2022 ak 4 Janvyè 2023

Sibvansyon pou Apwobasyon ki Totalize \$403 466

Memo konsènan: Demann pou Apwouve Akò Prensip la ant Komite Lekòl la ak United Steelworkers, Seksyon 2936 (Monitè Bis), 9 Janvyè 2023.

Pwotokòl Akò Monitè Bis yo, Anvigè depi 1ye Jiyè 2020 rive jiska 30 Jen 2022.

Pwotokòl Akò Monitè Bis yo, Anvigè depi 1ye Jiyè 2022 rive jiska 30 Jen 2025.

Rapò Revizyon Transpò Konsèy Great City Shools (CGCS) yo

Memo sou Revizyon Transpò CGCS

Prezantasyon PowerPoint sou Revizyon Transpò CGCS yo

**RAPÈL A LÒD**

11 Janvyè 2023

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman fidelite. Madam Sullivan te fè apèl. Mesye Cardet-Hernandez ak Mesye Mehta te absan pandan apèl nominal la men yo te vin rejwenn reyinyon an a 6 p.m. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te anonse ke Komite a ta pral imedyatman ranvwaye yon seyans egzekitif pou diskite sou estrateji ki konsène negosiyasyon kolektif la avèk United Steelworkers nan non Seksyon 2936 la (Minitè Bis yo). Depi w fè diskisyon sa nan yon reyinyon ki louvri, sa kapab gen efè negatif sou pozisyon negosiyasyon Komite a. Li te di ke Komite a t ap retounen nan seyans piblik la a 6 p.m.

## REPÒTE NAN SEYANS EGZEKITIF LA

*Apwouve* - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite yon mosyon pou ranvwaye seyans egzekitif la pou diskite sou estrateji ki konsène negosiyasyon kolektif la avèk United Steelworkers nan non Seksyon 2936 la (Minitè Bis yo).

## RETOUNEN NAN SEYANS PIBLIK AK APÈL NOMINAL

Prezidan Robinson te reyòganizae reyinyon an an seyans piblik a anviwon 6:03 p.m konsa. Tout manm yo te prezan. Madam Robinson te anonse ke Komite a te fèk retounen sot nan yon seyans egzekitif pou diskite sou estrateji ki konsène negosiyasyon kolektif la avèk United Steelworkers nan non Seksyon 2936 la (Minitè Bis yo).

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Epi, y ap pibliye l sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](https://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou Youtube. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonè, Mandaren, ak Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL) epi te founi konsiy sou kòman pou gen aksè ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan. Yo te pibliye dokiman reyinyon ki tradui yo nan [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](https://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) avan kòmansman reyinyon an.

## APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

*Apwouve* – Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite pwose vèbal reyinyon Komite Lekòl la te fè 14 Desanm 2022 a ansanm ak reyinyon òganizasyonèl anyèl 4 Janvyè 2023 a.

## RAPÒ SIPÈRENTANDAN AN

*Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.*

**11 Janvyè 2023**

Mèsi, Madam Prezidan. Bòn Ane tout moun! Avan mwen kòmanse rapò m nan, Mwen vle rekonèt epi pou m fè swivi sou modèl ekip la ap travay sou li a pou l ajoute plis resous pou reponn ak bezwen sekirite ansanm ak bezwen sipò elèv nou wè nan lekòl yo toupatou nan distri a. Pandan nou kontan pou n ap li yon seri rapò ki montre ensidan yo diminye toupatou nan vil la, nou rekonèt tou nenpòt nivo vyolans ki fèt nan kominite yo afekte elèv ak fanmi nou yo. Pandan n ap rekonèt ak reponn ak bezwen sa ki prezante nan lekòl nou yo, nou rekonèt ke nou dwe kontinye ranfòse resous entèn nou yo pou n kapab founi swen ki asire, swen reparasyon ansanm ak swen ki adapte ak twomatis pou elèv nou yo epi pou n ale pi lwen, pou fanmi nou yo.

Pou n kapab reponn ak sa a, ak selon kòmantè nou resevwa yo, Biwo Sipò Elèv ak Sèvis Sekirite a te kreye yon ekip an kolaborasyon avèk Operasyon yo. Ekip entèfonksyonèl sa gen yon seri reprezantan ki fè pati Biwo pou Lakin nan Opòtinite ak Reyisit la (Office of Opportunity and Achievement Gaps), Divizyon pou Sipò Elèv yo (Division of Student Supports), Divizyon Lekòl yo (Division of Schools), Biwo Kapital Imen an (Office of Human Capital), Relasyon Travay VPS (BPS Labor Relations), Finans BPS, Biwo Sèvis Sekirite yo (Office of Safety Services), ansanm ak Relasyon Entègouvènman BPS yo.

Youn nan premye tach ekip sa genyen se revize pòs Relasyon Kominotè yo epi pou yo soumèt yo atravè yon pwosesis pou nou kapab resevwa kòmantè manm kominote BPS yo. Nou te deja fè yon diskasyon apwofondi pandan youn nan Tablewonn sou Ekite Kominotè ki pi resan yo. Nou pa ka tann pou n resevwa kòmantè adisyonèl sou wòl sa yo pandan n ap kontinye eksplòre nouvo mwayen pou n angaje jèn nou yo epi n garanti sekirite yo.

Rezilta espesifik ekip entèfonksyonèl la pou:

- Sipòte elèv ak fanmi nou yo nan yon optik sante piblik ak byennèt, ak pou n abòde pwoblèm sekirite alimantè a, pou n founi resous pou lojman estab, sipò sante mantal, ak opòtinite ekonomik.
- Idantifye anplwaye BPS ki kapab travay anplis de jounen lekòl la pou yo kapab gen plis vizibilite nan kominote a; etabli lyen ki plis reyèl avèk elèv, fanmi, òganizasyon kominotè yo, ak pou n patisipe nan reyinyon espesifik yo nan katye a;
- Ak pou n enfòme anplwaye lekòl yo sou opòtinite, ak aktivite kominotè ki genyen pou elèv, fanmi, ak anplwaye nou ansanm ak difikilte ki ka genyen nan kominote yo ki gen enpak sou aprantisaj oswa sekirite elèv yo.

Aktyèlman, n ap chèche jwenn kòmantè atravè yon pwosesis angajman kominotè k ap ede nou kreye yon estrateji ki reponn avèk resous ansanm ak zouti ki nesesè yo pou n kapab abòde pwoblèm pwofon ki konsène twomatis yo nan objektif pou n founi yon seri espas gerizon pou jèn nou yo. Nou remèsye tout moun ki gentan ba nou kòmantè yo epi nou pa ka tann pou n pran nouvo lòt moun yo pandan n ap kontinye pwosesis la. Gras ak Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal la, nou te pran nouvo jèn yo, diferan gwoup ki la pou defann edikasyon, paran yo, ansanm avèk lòt moun yo kote gen yon reyinyon avèk kominote relijye a ki pwograme pou semèn pwochen.

Nou te resevwa kòmantè ki sipòte apwòch nou an epi ki ankadre travay sa a.

11 Janvyè 2023

Pa rapò ak enpòtans vwayaj ak rasanbleman nan kontèks pwopagasyon nouvo varyan COVID-19 yo, grip la, ansanm ak lòt maladi respiratwa yo, nou te mete pwotokòl sou sante nou yo ajou pou peryòd vakans apre ivè a pou n kapab ogmante kapasite nou pou n pèmèt elèv yo rete an sante ak pou n diminye sou absans anplwaye yo pandan peryòd gwo risk sa a. Jou ki te Mèkredi 4 Janvyè a, tout lekòl BPS yo te adopte maskaj tanporè a pou jiska Vandredi pwochen- yon total wuit jou lekòl. Se sa nou mande e nou atann de elèv ak anplwaye yo, men se pa yon obligasyon.

Mwen vle remèsye elèv nou yo, anplwaye nou yo ak fanmi yo dèske yo kolabore pou yo reponn ak atann maskaj nou yo. Mwen te ale nan plizyè lekòl depi lè m tounen sot nan vakans lan e se avèk anpil plezi pou m te wè anpil elèv ak anplwaye mete mask pandan peryòd risk ogmante sa a. Nan menm lè sa pandan ane lekòl ki sot pase a, BPS te viv pi gwo vag COVID-19 li a, sa ki te lakoz gwo mank nan kantite anplwaye yo sa ki te rann li prèske enposib pou tout lekòl yo rete louvri—gen kèk jou kote 1,200 manm anplwaye ak 8,500 elèv absan pandan de premye semèn mwa Janvyè 2022 a. Pandan ane sa a, nou konstate absans anplwaye yo varye de yon maksimòm ki egal anviwon 500 nan dat 6 Janvyè rive yon minimòm 200 nan dat 9 Janvyè a kote absans elèv yo varye de yon maksimòm 8,700 nan dat 4 Janvyè a rive yon minimòm 5,200 dis 10 Janvyè. Done sa yo montre nou pwotokòl nou yo ap byen mache. Mete mask se yon zouti, men se tès rapid chak semèn nou bay elèv ak anplwaye yo tou, pandan n ap asire gen pirifikatè lè nan chak salklas, pandan n ap siye sifas moun touche anpil yo, lave men nou regilyèman, ak pandan n ap òganize klinik pou bay vaksen nan tout lekòl nou yo, kote atravè lekòl sa yo nou te rive vaksinen plis pase 2,500 elèv, anplwaye ak fanmi nan BPS.

Pwiske nou prevwa li posib pou gen mank anplwaye, Divizyon lekòl nou yo te travay sou yon plan pou yo prepare anplwaye santral yo pou yo kapab deplwaye yo nan lekòl yo sizanka ta gen yon bezwen pou sipò adisyonèl. Anviwon 200 anplwaye santral te prè epi yo te atribye yon gwoup ki gen 20-25 moun ak chak rejyon. Espri dekip mwen wè la se egzakteman sa m te atann nan men tout anplwaye nou yo. Nou la pou n desèvi elèv nou yo—pafwa sa vle di nou annik foure kò nou epi pou n ede. Mwen vrèman rekonesan anvè anplwaye santral nou yo ki te rive kapab kanpe travay yo e pètibe pwòp woutin kotidyen yo pou yo kapab asire elèv nou yo kontinye aprantisaj yo. N ap kontinye siveye chif yo, men avèk kanite absans anplwaye yo ki retounen nan chif ki sitou nòmal yo, nou prevwa mete fen nan sipò pou anplwaye santral yo semèn pwochen. Lekòl ki gen nenpòt enkyetid yo pral travay avèk Sipèrentandan Lekòl yo a pou tout bezwen kouvèti ki ta genyen. Bon nouvèl la se ke nou gen yon sistèm anplas kounya ke nou kapab lanse nenpòt ki moman si nou konstate kantite absans anplwaye nou yo gen tandans ogmante. Epitou, n ap kontinye reyini chak jou avèk Komisyon Sante Piblik Boston nan ansanm ak ekip sèvis sante nou yo pou n kapab revize done yo ansanm ak pwotokòl nou yo. Mwen vle remèsye ankò kominote BPS la— elèv, fanmi, anplwaye ansanm ak patnè kominotè yo— ane ki sot pase yo te vrèman difisil e yo te pote anpil latwoublyay epi nou reyini ansanm antanke yon kominote pou n travay sou pwoblèm sa a..

Chwa Lekòl la louvri epi nou sou sizyèm jou enskripsyon. Mwen kontan anonse ke chif nou yo ogmante. Nan fen jounen yè a, 912 fanmi te rive enskri lekòl, sa ki reprezante yon ogmante pa rapò ak ane pase nan moman sa kote se 451 fanmi ki te enskri. Vizit pou enskripsyon vityèl yo te vrèman komen lakay paran potansyèl yo, sa ki diminye sou tan datant randevou an pèsòn ak foul nan sant yo. Nou gen piblisite sou tren ak bis MBTA yo epi nou mete PSA yo disponib nan lang

**Reyinyon Vityèl Komite Lekòl Boston nan Zoom**

**11 Janvye 2023**

Panyòl ak lòt lang yo pou n kapab ankouraje Chwa Lekòl la pou ane sa a. Enskripsyon pou lye Tou a ap fèt jiska 3 Fevriye epi m ap kontinye kenbe w enfòm sou pwogrè ak tout tandans nou konstate.

Chèf e pwopriyetè restoran an, Joanne Chang te vini nan Madison Park Vocational High School pou l te kapab pataje istwa li konsènan biznis manje li avèk elèv BPS yo. Li se pwopriyetè Flour Bakery. Nou te fyè dèske se te pwòp elèv nou nan Boston Arts Academy ki te chante Im Nasyonal la nan inogirasyon nouvo Gouvènè ki Eli a, Maura Healey.

Mwen kontan anonse ke trèz elèv Lekòl Piblik Boston yo (BOS) te benefisye bousdetid merit kat lane ki kouvri tout frè eskolarite yo ke Fondasyon Posse te bay la, ki egal an total \$2.5 milyon. 13 elèv ki nan nivo senior nan BPS yo pami 51 elèv ki soti nan rejyon Boston nan ki pral nan Bryn Mawr College, Bucknell University, Centre College, Rutgers University, ansanm ak Union College.

M ap salye Hasani Little, yon elèv ki nan klas twazyèm ane nan P.A. Shaw Elementary School ki nan Dorchester. Depatman Ponpye nan Boston nan te fè elòj pou li dèske li te rive ede pwoteje fanmi li ansanm ak vwazen li yo nan yon kay ki te pran dife nan kòmansman mwa Desanm nan.

Demen, nou pral òganize 40yèm anivèsè Fèt Anyèl MLK a nan Jeremiah Burke High School a 6:30 pm. N ap mete aksan sou lavi ak eritaj Doktè King atravè art. Elèv BPS yo pral chante, danse ak pataje powèm tout pandan pwogram nan, sa ki pral difize an dirèk sou FOX 25, ki se esponsò medya evènman nou an.

N ap felisite Ekip Oke Tigason ak Tifi a ki nan Boston Latin School ak Boston Latin Academy an! Ekip sa yo te fè pati gwoup ki te gen opòtinite pou yo patisipe nan Frozen Fenway la.

Nou fè epi nou kontinye fè bonjan pwogrè pandan sis mwa ki sot pase yo nan Plan pou Amelyorasyon Sistematik (SIP) nou an. Mwen vle aplodi travay Sipèntandan Adjwenn Estrateji ak Aplikasyon Done a, Monica Hogan, ansanm ak tout ekip li a dèske yo pran responsablite a epi yo asire ke nou tout kontribye ansanm nan travay enpòtan sa a.

Pita nan lasware, ou pral tande yon lòt rapò Konsèy Great City Schools la bay konsènan sa yo konkli sou transpò yo. Nou te lanse rapò sa jan SIP egzije sa a, epi nou te soumèt rapò a bay DESE apremidi sa a. Nou kontan pou n anonse tou ke n ap lanse yon Konsèy Konsiltatif sou Transpò. Sa ki motive ide sa lakay nou se travay nou avèk paran yo ansanm ak avoka yo pandan plizyè mwa ki sot pase yo. Gwoup sa pral sèvi yon gwoup retwoaksyon pou pwoblèm transpò yo epi li pral ede nou enfòm sou estrateji ki konsène pratik nou yo, epi li pral gen ladan l elèv, paran ansanm ak anplwaye BPS yo. Gwoup sa pral jwe yon wòl enpòtan nan enfòm repons nou pa rapò ak rekòmandasyon Konsèy Great City Schools la fè yo. N ap fè yon anons ofisyèl sou Konsèy sa ansanm ak kantite manm li genyen yo pita nan mwa sa a.

Epitou, mwen te renmen bay yon mizajou byen rapid sou ponkyalite transpò a. Nan mwa Desanm lan, BPS te egal an mwayèn 93% pontyalite, epi nan premye semèn kote nou retounen sot nan vakans ivè a, nou te egal an mwayèn 91% pontyalite. Jeneralman, premye semèn lè nou retounen sot nan vakans ivè a te toujou difisil, kote nou gen yon kantite absans chofè ki pi

11 Janvyè 2023

ogmante pase kantite nòminal la. Malgre sa kontinye reprezante yon difikilte pou ane sa a, nou konstate gen gwo chanjman pa rapò ak ane avan yo, pandan nou kontinye travay avèk chofè nou yo ansanm ak Transdev pou n aplike chanjman fonksyonèl yo nan nouvo kontra sendika chofè nou yo. Pa egzanp, nan premye jou nou tounen sot nan vakans ivè a pou ane sa a, nou te fè 43 vwayaj san kouvèti chofè, pa rapò ak 140 nan premye jou nou te tounen sot nan vakans ivè a ane pase nan mwa Janvyè 2022 a. Malgre nou gen yon long chimen pou n pakouri, pwogrè sa ankouraje nou epi n ap kontinye travay di avèk Transdev ansanm ak chofè nou yo pou rive atenn ak depase repè nou yo.

Pandan n ap kòmanse yon nouvo ane, mwen vle remèsye tout moun sipò ak patenarya kontini nou. Pandan semèn ki sot pase a, mwen te rive franchi yon etap enpòtan nan pòs sa depi 100 jou. Se te yon plezi pou m te pale avèk Jonathan Narsjo, yon elèv ki nan nivo senior nan John D. O'Bryant, ki te pase m entèvyou sou wòl mwen. Ou kapab jwenn entèvyou sa sou paj [BPS Youtube](#) nou an. Li te poze m yon pakèt gwo kesyon. Pandan mwen t ap entèraji avèk li, mwen gen espwa pou chimen ki devan nou paske mwen oblije fè travay sa avèk ou menm, anplwaye nou yo, elèv nou yo ansanm ak fanmi nou yo ak kominote nou an.

Sa konsa mwen fini rapò mwen an. Mwen prè pou m pran kesyon.

---

Doktè Alkins te mande yon mizajou sou efò distri a fè pou li kolabore avèk Lyft pou yo kapab pwolonje sèvis transpò yo. Sipèrentandan an te fè konnen apre yon poz nan konvèsasyon Lyft te antame yo, ke yon lòt fwa ankò distri a antre an konvèsasyon avèk konpayi rideshare la. Li te ajoute ke li espere l ap gen pou l bay yon mizajou byento.

Mesye Cardet-Hernandez te mande yon mizajou sou travay pou ogmante enklizyon distri a ap fè a ak sou kominikasyon li ak fanmi yo.

Sipèrentandan an te fè konnen ekip li a ap travay defason aktif avèk yon kòwòt 22 lekòl ki nan yon nivo preparasyon avèk ekspansyon enklizyon an. Li te fè konnen ane k ap vini an pral yon ane planifikasyon, ki vini avan yon kominikasyon pwofon avèk fanmi yo.

Madam Lopera te pale sou difikilte delè notifikasyon afektasyon distri a poze pou fanmi yo. Sipèrentandan an te eksplike difikilte ki genyen nan pote chanjman nan sistèm ki entèkonekte yo, pandan li ajoute ke li ap diskite avèk Boston Compact sou aliyman kolaboratif la. Li te fè konenn objektif jeneral la se akselere delè. Madam Lopera te poze kesyon sou pwogram distri a ap planifye yo pou vakans mwa Fevriye ak mwa Avril la. Responsab Avansman Familyal ak Kominotè a, Denise Snyder, te fè konnen ke BPS pral ofri pwogram Akademi Akselerasyon yo pandan toude vakans lekòl yo. Li te pwopoze pou l fè swivi avèk yon lis òganizasyon afilye. Sipèrentandan an te ajoute ke ekip li a ap travay avèk patnè yo pou yo kapab aplike menm entansyon an nan yon pwogram ki dire tout yon ane antanke pwogram pandan ete.

11 Janvyè 2023

Madam Polanco Garcia te fè konnen ke li te tande kèk enkyetid fanmi yo pataje sou 18 pòs Lyen Kominotè yo pwopoze yo. Sipèrentandan an te fè konnen li menm ansanm ak ekip li a ap angaje yo nan kominote a epi y ap itilize kòmantè yo pou yo revize deskripsyon travay yo. Responsab Sipò Elèv yo, Jillian Kelton, te eksplike ke entansyon distri a se kreye yon seri pòs ki pral founi elèv yon seri sèvis konplè. Responsab Sèvis Sekirite yo, Neva Coakley te bay detay sou pwosesis angajman an.

Doktè Alkins te mande kòmman distri a itilize kòmantè fanmi yo pou yo kapab amelyore pwosesis enskripsyon an. Madam Snyder te pale sou sondaj distri a te bay la.

Mesye O’Neill te ankouraje distri a jwenn yon seri mwayen pou li diminye sou delè pou yo jwenn notifikasyon sou afektasyon elèv yo nan tout klas yo. Sipèrentandan an te dakò, pandan li note ke K2 a aktyèlman nan premye faz enskripsyon li. Madam Snyder te fè konnen ke kritè pou admisyon nan lekòl egzamen yo, ki egzije nòt pandan de peryòd koreksyon, rann li difisil pou distri a voye envitasyon yo pi bonè.

Madam Robinson te mande yon mizajou sou swen antouraj avan ak apre lekòl nan lekòl elemantè yo. Sipèrentandan an te fè konnen ke ekip li a ap chèche pi bon kowòdinasyon avèk òganizasyon ki pa pou fè lajan yo ansanm ak òganizasyon kominotè yo pou ogmante lis lè andeyò lekòl yo ofri yo. Li te dakò pou fè swivi pou l kapab jwenn plis enfòmasyon.

Madam Robinson te mande jwenn klarifikasyon sou 18 pòs Lyen Kominotè yo pwopoze yo. Sipèrentandan an te fè konnen ke pòs yo aktyèlman pa nan bidjè BPS, pandan li ajoute li t ap mande finansman Vil la pou li kapab sipòte pòs kote responsablite yo t ap enkli orè travay ki depase jounen lekòl la. Mesye Cardet-Hernandez te pale sou leson yo aprann nan pwosesis la.

*Apwouve* – Nan apèl la, Komite a te apwouve nan inanimite Rapò Sipèrentandan an.

## KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

Moun ki mansyone annapre yo te temwanyè konsènan sekirite pou COVID la:

- Michael Heichman, rezidan Dorchester, manm Alyans pou Jisitit nan Edikasyon nan Boston (BEJA).
- Nancy Lessin, rezidan Jamaica Plain ansanm ak manm Fanmi BPS pou Mezi Sekirite pou COVID (FamCOSa)
- Sarah Horsley, rezidan Jamaica Plain e manm FamCOSa
- Elise Pechter, rezidan Jamaica Plain e manm FamCOSa
- Ruby Reyes, rezidan Dorchester e direktè egzekitif BEJA
- Cheryl Buckman, rezidan South Boston e manm FamCOSa

Moun sa yo te temwanyè konsènan pwoblèm ki konsène fizyon ki pwopoze ant lekòl primè nan Sumner ak sa ki nan Philbrick yo:

- Elizabeth Ferrenz, rezidan Roslindale e paran nan Sumner Elementary School

11 Janvyè 2023

- Lauren Peter, rezidan Roslindale e paran nan Sumner Elementary School
- Mimi Lai, rezidan Roslindale resident e paran nan Sumner Elementary School
- Justin Viglianti, rezidan Roslindale e paran Sumner Elementary School
- Rachel Young, rezidan Roslindale e paran nan Sumner Elementary School
- Rosy Hosking, rezidan Roslindale e paran nan Sumner Elementary School
- Parick Sewell, rezidan Roslindale e paran nan Sumner Elementary School
- Elizabeth Costello, rezidan Roslindale e paran Sumner Elementary School
- Katie Mendosa-Hayes, rezidan Roslindale e paran nan Sumner Elementary School
- Allison Friedmann, rezidan Roslindale e paran nan Summer Elementary School
- Jess Manna, rezidan Roslindale e paran nan Sumner Elementary School

Stacey Kramer, rezidan Black Bay e paran nan John D. O'Bryant School , te temwanyè sou sekirite ak pwòpte nan saldeben pou tigasyon yo ki nan lekòl la.

## AKSYON

Mesye Cardet-Hernandez te poze yon seri kesyon klarifikasyon sou sibvansyon Modèl Sante Konpòtmantal Konplè (CBHM), kote Whiney Walker, Biwo Sante ak Byennèt, te reponn yo. Sipèntandan an te pwopoze pou fè Andria Amador, direktè prensipal Biwo Sante ak Byennèt la, fè swivi pou li kapab jwenn plis enfòmasyon sou kòmman distri a kapab eksplwate done yo pou yo kapab repati resous yo nan yon fason ki sistematik.

Mesye Tran te mande klarifikasyon sou kesyon yo sou lve nan kad kòmantè piblik la konsènan dokiman analiz sou ekite rasyal la paran nan Sumner School yo mande yo. Sipèntandan an te pwopoze pou l verifiye avèk ekip li a. Prezidan Robinson te rekòmande pou Mesye Tran sou lve pwoblèm nan pita nan reyinyon an nan kad nouvo biznis.

**Apwouve** - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite sibvansyon pou apwobasyon yo ki totalize \$403,466.

**Apwouve** - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve nan inanimite yon Demann Kredi Adisyonèl pou Ane Fiskal 2023 a pou Konsèy Vil Boston nan ki nan montan \$703,939 pou sipòte Pwotokòl Akò pou Akò Negosiyasyon Kolektif Siksesè a pou Peryòd 1ye Septanm 2020 an rive jiska 31 Out 2024 ant Gild Administratif la, Seksyon 888 SEIU a ansanm ak Komite Lekòl Boston nan.

**Apwouve** - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite yon Demann Kredi Adisyonèl pou Ane Fiskal 2023 a pou Konsèy Vil Boston nan ki nan montan \$1,283,486 pou sipòte Pwotokòl Akò pou Akò Negosiyasyon Kolektif Siksesè a pou peryòd 1ye Septanm 2021 rive jiska 31 Out 2024 ant Sendika Seksyon Nimewo 1952 a, Painters & Allied Trades, Konsèy Distri a Nimewo 35 (Gadyen) ansanm ak Komite Lekòl Boston nan.

**Apwouve** - Nan apèl nominal la, Komite a te apwouve nan inanimite yon Demann Kredi Adisyonèl pou Ane Fiskal 2023 a pou Konsèy Vil Boston nan ki nan montan \$164,448 pou sipòte Pwotokòl Akò Pou Akò Negosiyasyon Kolektif Siksesè a pou Peryòd 1ye Septanm 2020 an rive jiska 31 Out 2024 ant Asosiyasyon Benevòl Polis New England (New England Police



11 Janvyè 2023

Benevolent Association) Asosiyasyon Patwouy Polis Lekòl Boston Seksyon 160 lan ansanm ak Komite Lekòl Boston nan.

## RAPÒ

**Akò Kolektif Prensip ant Komite Lekòl Boston nan ak Seksyon 2936 United Steelworkers la (Monitè Bis yo)** - Direktè Relasyon Travay la, Jeremiah Hasson te prezante gran pwen yo nan de Pwotokòl Akò. ki anvigè apati 1ye Jiyè 2020 rive jiska 30 Jen 2022 ak 1ye Jiyè 2025, ant United Steelworkers Local 2936 (Monitè Bis yo) ansanm ak Komite Lekòl Boston nan.. Seksyon 2936 la te ratifye akò yo nan dat 17 Desanm 2022 la, avèk yon vòt de 126-36.

Gran pwen:

Dire: MOA #1: 1ye Jiyè 2020 - 30 Jen 2022; MOA #2: 1ye Jiyè 2022 - 30 Jen 2025.

Ogmantasyon salè:

09/01/2020: 2%

09/01/2021: 1,5%

09/01/2022: Ajisteman nan Mache Covid la

09/01/2023: 2%

09/01/2024: 2%

Ajisteman Mache Covid la:

- To siveyans an vèy: \$17,50 pa è
- To monitè ki atribiye: \$19.00 pa èdtan (Ajisteman to egzekisyon an a yon ogmantasyon \$2 pou chak egzekisyon jiskaske li posib pou direksyon an pase nan salè pa èdtan an)
- To fòmasyon an: \$17,50 pa è

Refòm:

- Konvèti sistèm peman an an yon peman pa èdtan apati “to egzekisyon an.” Sendika a dakò pou l patisipe nenpòt lè nan sistèm kontwòl lè a jan Distri a aplike sa a.
- Manm yo pral touche yon minimòm 1.4 èdtan, oswa \$26.60 pou chak pòs yo travay
- Enkli jou konje ki peye pandan vakans Ivè a ansanm ak chwa ant vakans mwa Fevriye oswa mwa Avril la.

Mesye Hasson te prezante tou yon demann kredi adisyonèl ki nan montan \$1,079,770 bay Konsèy Vil Boston nan pou sipòte depans ki lye ak akò sa yo. Komite a dwe pran yon mezi sou MOA yo ak sou demann kredi adisyonèl la nan 18 Janvyè 2023.

Doktè Alkins te pale sou enpòtans ki genyen nan ofri salè konpetitif pou yo kapab atire kandida.

Mesye Tran te fè konnen li ta renmen wè plis kontni nan tèm ak kondisyon MOA yo odela de aspè finansyè akò yo.

11 Janvyè 2023

**Revizyon Transpò ak Rekòmandasyon Konsèy Great City Schools yo** - Doktè Ray Hart, Direktè Egzekitif, Konsèy Great City Schools (CGCS) la, ak Willie Burroughs, Direktè Sèvis Jesyon Konsèy la, te rezime konklizyon ak rekòmandasyon yo nan rapò Konsèy la sou transpò: “Egzamen Pwogram Transpò Elèv Lekòl Piblik Boston yo.” Plan sa obligatwa nan kad BPS - Plan pou Amelyorasyon Sistematik(SIP) Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE) a.

Prezantasyon an te kouvri kèk pwèn kle ak domèn nan rekòmandasyon CGCS yo.

Rekòmandasyon yo gen ladan yo:

1. Mete an èv yon orè sònri koyeran nan 3 nivo nan tout distri a.
2. Mete ajou politik ak pwosedi yo epi egzaminen epi mete ajou regilyèman trajè yo pou maksimize itilizasyon flòt la.
3. Kontinye itilize yon apwòch sistematik pou kreye ak mete ajou trajè bis yo ak arè bis yo ki efikas ak efisyàn san konpwòm sekirite a.
4. Idantifye ak kantifye fiskalman divès opòtinite pou redwi kou transpò yo.
5. Konsewa yon estrateji Depatman Transpò (DoT) pou siveye kantite moun reyèl k ap itilize transpò an komen pandan tout ane lekòl la pou idantifye yon jan agresif arè yo, kous yo, ak trajè yo ki ta kapab konsolide oubyen elimine pou ogmante kapasite a nan echèl sistèm lan.
6. Etabli yon kolaborasyon kwaze avèk sistèm lekòl yo andeyò BPS k ap resevwa sèvis transpò yo pou aliye kalandriye yo ak orè yo nan mezi maksimòm posib.
7. Ranfòse kontwol bidjetè yo ak jesyon entèn yo.
8. Kreye yon komite dirijan ki soti nan DoT ak Biwo Edikasyon Espesyal (Office of Special Education, OSE) pou diskite sou kesyon enterè komen.
9. Kòmanse yon egzamen konplè tout pratik ak pwosesis woutaj yo pou idantifye opòtinite yo pou amelyore rezilta woutaj yo ak efikasite trajè a.
10. Mete ajou ak mete an èv konplètman plan antrepriz konplè avèk divès bi, objektif, repè, pèfòmans, responsabilite, ak divès pri ki soutni plan estratejik distri a.
11. Kreye yon sistèm kominikasyon efikas nan tout òganizasyon DoT la.
12. Mete an èv yon sistèm pou swiv pwogrè ak mezire rezilta yo sou tout inisyativ yo.
13. Rann pwòchèn founisè transpò a responsab de endikatè pèfòmans kle yo nan nouvel IFB a ki trete ponktyalite bis yo pou asire yon sèvis fyab bay elèv yo.
14. Kolabore avèk otorite minisipal yo pou konble tout lakin nan Akò Negosyasyon Kolektif la.

Rekòmandasyon yo separe an twa gran kategori: pwosesis ak pwosedi transpò entèn yo; travay sou politik yo; ak kontwol depans yo. Distri a te kòmanse travay nan domèn sa yo pandan ane pase a, epi pral entegre rekòmandasyon Konsèy Great City Schools:

- Pwosesis ak pwosedi transpò entèn yo: Malgre genyen yon long fason pou ale, Depatman Transpò (DoT) te fè yon pwogrè siyifikatif sou fwon sa pandan dènye ane yo. DoT la gen divès gwoup k ap travay chak semèn pandan tout ane a avèk ekip Afektasyon yo, Biwo Edikasyon Espesyal la, ak Biwo Teknoloji Anseyman ak Enfòmasyon, akse sou (1) etablisman ak mentyen dèl kolaborasyon ak pataj done yo, (2) idantifikasyon ak rezolisyon pwoblèm yo, epi (3) fè divès rekòmandasyon pou divès amelyorasyon. DoT la

11 Janvye 2023

te mete an èv yon pwosesis Egzamen Chak Mwa an 2020 avèk Transdev, founisè bis aktyèl la, nan objektif pou pilote ak mezire amelyorasyon sèvis yo. Finalman, apèldòf pou pwochen kontra founisè transpò a prezante divès mekanism pou rann founisè a responsab epi aliye ensitasyon yo sou rezilta ki santre sou elèv yo. Pandan ke kontra aktyèl la pa prezante pratikman okenn risk finansye pou founisè a, nouvo IFB a garanti pou tout founisè k ap antre gen "po yo nan jwèt la (envesti)" gras ak yon melanj ensitasyon ak pèfòmans pou amelyorasyon pèfòmans yo ak divès domaj enterè pou konpanse distri a nan ka pa gen pèfòmans. Finalman, nou ap fè pwogrè nan domèn transpò a pou atletism ak sòti edikatif yo. An kolaborasyon avèk depatman Atletism lan, nou te egzamine pwosesis nou yo, te analize done yo sou trajè ki pa kouvri yo ak anilasyon an reta/travay adisyonèl pou pote divès amelyorasyon sible epi nou fòse pou n amelyore planifikasyon ki avanse pa ekip espòtif yo ak antrenè yo. Anplis, nou ap kontinye eksplòre fezabilite solisyon altènatif (pa egzanz, acha/lokasyon kamyonèt) pou amelyore ankò transpò espòtif yo ak divès sòti sou tèren.

- Travay sou politikyo: Distri a wè pi gwo opòtinite yo pou amelyorasyon kontini transpò yo nan domèn sa. Jan sa souliye nan rapò a, transpò BPS la fonksyone nan divès sikonstans ki patikilyèman konplèks, ki motive pa politik sou lè son klòch yo ak afektasyon lekòl yo, politik ak amelyorasyon edikasyon espesyal yo, menm jan pou egzizans ke sèvis transpò BPS la respekte kalandriye ak orè lekòl non-BPS yo pou 105 lekòl non-BPS yo kote y ap transpòte elèv yo. Distri a te lanse divès travay entèn ak avèk divès lekòl a chat pou fè divès rekòmandasyon pou aliye kalandriye lekòl yo epi pote divès chanjman pwogresif nan lè klòch yo ki pral fè evolye BPS vè yon sistèm klòch a twa nivo ki pi inifòm epi ki repati yon jan inifòm nan objektif pou amelyore operasyon transpò yo, pandan y ap minimize enpak yo epi asire angajman avèk pati prenan lekòl yo ak kominote yo. Aplikasyon efikas tout chanjman politik ki pral bezwen yon angajman siyifikatif pati prenan yo epi pral bezwen jwenn gid pa mwayen divès konvèzasyon ki pi laj atravè distri a ak kominote a sou fason nou vle reenvante BPS. Nouvo Konsèy Konsiltatif Transpò yo pral jwe yon wol enpòtan nan travay sa. BPS pran angajman pou l fè travay sa epi pou l fè li nan fason ki nòmal la.'
- Kontwol depans yo: Rapò sa souliye ke Sèvis Transpò BPS a gen youn nan pri transpò ki pi wo nan peyi a, epi founi plizyè rekòmandasyon pou pi byen swiv, kontwòle ak redwi depans yo pou libere divès aktif pou redeplwaman (pa egzanz, solisyon teknoloji adisyonèl, rediksyon dire trajè yo pou elèv yo pandan y ap divize vwayaj yo, elatriye.). Pandan ke premye priyorite nou ak sa ki pi ijan an se obligasyon pou amelyore sèvis yo pou elèv yo ak fanmi yo, BPS dwe asire li egalman ke transpò a rantab. Distri a pral egzaminen yon jan sere rekòmandasyon kontwol pri yo nan rapò sa epi pran divès mezi pou mete an èv rekòmandasyon ki pral gen pi gwo enpak sou amelyorasyon rezilta sèvis transpò yo.

Distri a angaje pwofondeman pou amelyore eksperyans transpò pou tout elèv ak fanmi BPS yo, epi li apresye ide, rekòmandasyon, ak patenarya CGCS. Ekip distri a pral prezante nan yon reyinyon Komite Lekòl la pita sou travay ki ankou ak plan mizannèv distri a pou rekòmandasyon ki genyen nan rapò a. Yo pral soumèt rapò a ansanm ak dyapozitif yo bay DESE epi y ap mete yo disponib sou sitwèb BPS la nan [www.bostonpublicschools.org/strategicprogress](http://www.bostonpublicschools.org/strategicprogress).

11 Janvyè 2023

Sipèrentandan an te pataje refleksyon li sou rapò a ak sou rekòmandasyon yo, kote li te fè konnen li pral ede distri a konsantre sou efò li yo pou li kapab asire transpò a san danje e fyab pou elèv ak fanmi yo. Li te fè konnen kèk nan rekòmasyon yo lye ak travay ki gentan ankou.

Direktè Transpò Adjwen an, Dan Rosengard, te afime angajman distri a pou l abòde pwoblèm transpò yo ak pou l angaje l avèk aksyonè yo. Li te eksprime antouzyas li konsènan wòl nouvo Konseye Konsiltatif pou Transpò a pral jwe a nan aplike rekòmandasyon yo. Nan lane 2020, Depatman Transpò BPS la te elabore yon plan biznis pou senk lane ki dekri 24 inisyativ estratejik pou amelyore transpò a. Malgre pandemi an te entèwonp kèk nan travay sa a, ekip transpò a te rive kapab fè pwogrè pou li rive aplike 18 nan 24 rekòmandasyon sa yo. Toujou nan lane 2020 an, BPS te aplike yon pwoseis pi revize pèfòmans chak mwa avèk founisè transpò aktyèl li a ki se Transdev. Lè y ap kreye apèl dòf (IFB) yo pou pwochen kontra vandè transpò a, ekip la te entwodui yon seri nouvo mekanis pou rann vandè a responsab, ak pou yo aliyen ensitasyon finansyè yo nan rezilta ki baze sou elèv yo. Mesye Rosengard te fè konnen ke BPS te fè amelyorasyon tou pandan ane ki sot pase yo pandan l ap sere pwosesis ak pwosedi transpò entèn yo.

Mesye Cardet-Hernandez te pale sou enpòtans ki genyen nan kolekte done ki egzat pou enfòmasyon sou desizyon yo pran yo. Li te mande done sou depans ki lye ak transpò chak elèv. Mesye Rosengard te dakò fè swivi avèk enfòmasyon yo..

Madam Lopera te souleve kesyon pou konnen si BPS te konn kontwòle kantite pasajè ki itilize transpò yo, si wi, kilè ak poukisa li te sispann sa a. Sipèrentandan an te dakò ke distri a bezwen kolekte done solid sou kantite pasajè ki itilize transpò yo.

Doktè Alkins te poze kesyon sou estrateji distri a itilize pou l rekrute ak retni monitè bis yo. Mesye Rosengard te pale sou kolaborasyon avèk Biwo Transpò ak Edikasyon Espesyal yo. Li te fè konnen l ap anboche aktyèlman de direktè pwogram pou transpò kote objektif la se fòme ak sipòte monitè bis yo.

Mesye O'Neill te deklare ke li se reprezantan Komite Lekòl Boston nan pou Konsèy Great City Schools la epu li se manm nan konsèy administrasyon Konsèy la. Li te fè konnen ke sèvis transpò fyab la reprezante yon pwoblèm ki bay fristrasyon pou fanmi yo epi li dwe se premye priyorite pou pwoblèm konplèks distri a. Li te mande prezantatè yo pataje panse yo sou lòt priyorite yo ak sou ki lòt mwayen BPS dwe konsidere. Doktè Hart te rekòmande pou yo amelyore done yo kolekte yo, aliye kalandriye yo, ak chanje to itilizasyon bis yo pou kreye efikasite. Sipèrentandan an te note ke BPS pa gen otorizasyon pou l ekstènalize transpò pou lekòl endepandan (charter) yo ansanm ak lekòl kongreganis yo.

Madam Robinson te sijere pou yo etidye enpak sistèm chwa lekòl nan distri a sou transpò pou yo kapab bay fanmi yo yon seri chwa ki enpòtan. Doktè Hart te dakò. Madam Robinson te souleve yon kesyon pou konnen si distri a dwe konsidere sistèm transpò apa pou lekòl BPS ak lekòl ki pa fè pati BPS yo. Sipèrentandan an te fè konnen ke jesyon de sistèm nan pa t ap efikas. Olye de sa a, li te rekòmande pou yo eksplòre obligasyon distri a pa rapò ak libète li genyen yo. Madam Robinson te mande kisa ki lakoze bis yo toujou ap an reta yo. Doktè Hart te fè konnen ke ekip la

11 Janvye 2023

pa t etidye pwoblèm patikilye sa an pwofondè, kote li ajoute ke pi bon koleksyon done pral ede nou idantifye koz fondamantal yo.

Mesye Cardet-Hernandez te fè konnen ke Komite Lekòl la te rate yon opòtinite pou yo pote chanjman lè li te apwouve lèt akò lateral chofè bis yo nan fen mwa Jen an. Li te pale sou monitè bis ki pèmèt fanmi yo gen yon santiman sekirite yo.

Mesye Mehta te pale sou enpòtans ki genyen nan amelyore kapasite wout yo. Li te pataje eksperyans pèsònèl li ak agresyon nan bis lè li te pi piti epi li te souliyen enpòtans sipèvizyon an.

Doktè Alkins te fè konnen ke agresyon pa janm akseptab. Li te poze kesyon sou efò kominikasyon miltileng Depatman Transpò yo. Mesye Rosengard te eksplike ke BPS te founi yon sèvis konplè liy asistans telefonik sou transpò pandan jou lekòl yo soti 6 a.m jiska 7 p.m. Li te fè konnen ke liy asistans telefonik transpò a gen relativman ase anplwaye ki pale Panyòl, li pa gen ase anplwaye ki pale lòt lang yo. Doktè Alkins te poze kesyon sou kilè ak poukisa distri a te sispann bay fanmi yo sonsaj sou sèvis pou kliyan transpò yo. Mesye Rosengard te dakò pou l fè swivi. Li te note ke BPS te entwodui yon nouvo sistèm tiketaj pou sèvis kliyan nan mwa Novanm 2020 an ki ann itilizasyon aktyèlman nan distri a. Li te fè konnen ke nouvo sistèm nan gen kapasite pou l voye sondaj otomatik bay fanmi yo.

## KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Pa t genyen.


## NOUVO BIZNIS

Madam Lopera te mande plis klarifikasyon sou kiyès k ap dirije pwosesis fizyon lekòl la. Sipèrentandan an te fè konnen ke BPS ap travay ansanm avèk Vil la. Li te pwopoze pou l bay Komote a yon mizajou ki plis detaye nan mwa Fevriye a.

## REPÒTE

*Apwouve* - Anviwon 10:22 pm, Komite a te vote nan inanimite, atravè yon apèl nominal, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan  
Sekretè Egzekitif